


## ***T.R.B iripo takukubatsirai kuti murimi awane goho guru.***

- Iwe murimi ! usafungidzire zvinodiwa nevhu rako.
- Isu veTRB tinokwanisa kuongorora twumunyu twuri muvhu rako.
- Wozoudzwa navana mazvikokota vedu huwandu hwefetereza kana raimu (lime) irikudiwa neivhu rako.
- Izvi zvinoitwa kuti usashandise fetereza yakawandisa kana shoma.
- Uyai nesamburu yenyu kuT.R.B kana TIMB pamunenge muchinyoresa kana kuTSF, ZITAC, BMZ pamunenge muchitengesa fodya yenyu.
- Ivhu renyu rinogona kuongororwa nemuripo unokwanisika.

***T.R.B pamunda woruzivo wezvekurima fodya!!!***



## **Matorerwo ehvu kuti rinoongororwa**

- ❖ Zvinokosha kwazvo kuti ivhu shoma ramunge matora rive rinotaridza mamiriro evhu rese riri mumunda wenyu.
- ❖ Saka kana ivhu riri mumunda wenyu richitaridza siyano yakanyanya, ritorei riri muzvipoka zvakasiyana siyana, zvamusingazosanganise.
- ❖ Saka zvinokosha kuti mukamure kamure munda wenyu nemamiriro evhu kana nezirimwa zvaivemo kana nekusiyanana kwefeteraiza neraimu yamakaisa mwaka wakapfuura.
- ❖ Nguva yakanakisa kutora ivhu iri, inguva iyo mvura ichangoenda mumwedzi wa April kana May.
- ❖ Pachikamu chemunda chinevhu rakafanana, torai ivhu kubva panzvimbo dzinosvika kana kudarika makumi maviri (20).
- ❖ Munotora ivhu rine udzamu hunosvika 15cm kana kuti kusvika udzamu hwebadza pakurima munda wacho.
- ❖ Shandisai badza kana chiya chinosisimudziswa dhaka nevavaki vedzimba (trowel), muchitora ivhu rinozadza badza kana chamunenge mashandisa panzvimbo imwe neimwe.
- ❖ Kana muchishandisa badza, cherai gomba rakaita seV , kufara kumusoro kudarika pasi. Mocheka ivhu riri kukabhandi kakakora 2cm kubva kudivi rimwe reV, kabhandi kachiita zvekudzika mugomba.
- ❖ Musarasa zvimiti kana zviuswa zvinowanza kunge zvirimuvhu repamusoro kana iro ivhu racho.
- ❖ Ivhu rese ratorwa munzvimbo idzi rinoiswa muzigaba risina kumboshandiswa kucheresa kana kutakuriswa feteraiza, robva rasanganiswa sanganiswa.
- ❖ Moriyatika makariparadzira papepa rakachena ,morikamura kuita zvikamu zvina.
- ❖ Monokora tuvhu tushoma kubva pane chikamu chimwe nechimwe muchiisa muchihomwe kana chibhokisi chepepa, kwete chepurasitiki, kusvika ivhu ririmuchihomwe ichirawanda zvekurema 1kg kana 2 kg.
- ❖ Ivhu iri ndiro richanomirira rese rasara mumunda kune vanoriongorora.
- ❖ Munofanira kunyora mufananidzo kana kugadzira mucheredzo unozokubatsirayi kurangarira munda wabva ivhu riri muhomwe imwe neimwe.

- ❖ Musatora ivhu remunzimbo dzakanyanya kusiyana nezviri mumunda wenyu dzakaita sezvuru, kana muya munogambira mvura kana mumigero yakacherwa kurasa mvura.
- ❖ Kuti vaongorori vevhu vagonatsa kududzira mamiriro evhu renyu , kunge imi manyatsawo kugona kutora ivhu nemazvo.
- ❖ Munofanira kunyatsopa tsanangudzo yezvese zvakamboitika mumunda wabva ivhu iroro, zvakaita sekuti munda wacho wakamborimwazve here, kana kuti wakaradzwa here, wanga une bundo rakawanda sei, makaririmira pasi here kana kuti makaita rekupisa, maurima rini, wakamborimwa mbesa ipi, waiiswa feteraiza yerudziyi uye yakawanda sei, zvese neraimu yakamboiswamo.
- ❖ Izvi zvinobatsira kuti vaongorori vagonyatsa kukupaiwo zvakakwana maererano nemamiriro evhu renyu nembesa yamunoda kurima.